



Finance Department
Nathan Kuder, Chief Financial Officer

2300 Washington Street
Roxbury, Massachusetts 02119

nkuder@bostonpublicschools.org
617-635-9069

bostonpublicschools.org

MEMORANDUM

TO: Chairperson and Members
Boston School Committee

FROM: Nathan Kuder
Chief Financial Officer

SUBJECT: Grants for Approval

DATE: January 12, 2022

Attached please find the grants for approval by the School Committee on January 12, 2022. Full copies of the grant proposals are available for your review and have been filed with the Office of the Secretary to the School Committee.

Boston Public Schools

Dr. Brenda Cassellius, Superintendent

Boston School Committee

Jeri Robinson, Chair

City of Boston

Michelle Wu, Mayor



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA
mercredi 12 janvyè 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estatè	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
\$ 18,812	2022	Digital Literacy Now pati 2	Nouvo	Yvonne Macrae	Karyè & Edikasyon Teknik	Nan Tout Distri a
\$ 750,000	2022	Kaleidoscope Cohort 2	Nouvo	Yvonne Macrae	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	29 Sit
\$ 45,000	2022	Sibvansyon Opòtinite pou Konplete FAFSA	Nouvo	Catherine Chiu	Gap Akonplisman	6 Sit
\$ 53,400	2022	Devlopman ak Aplikasyon My CAP (My CAP Development & Implementation)	Nouvo	Catherine Chiu	Preparasyon pou Antre nan Inivèsite	10 Sit
122 967 457\$	2022	Finansman ESSER II	Nouvo	Yvonne Macrae	Soulajman Covid 19	Nan Tout Distri a
276 339 451\$	2022	Finansman ESSER III	Nouvo	Yvonne Macrae	Soulajman Covid 19	Nan Tout Distri a
400 174 120\$		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22674

Non Sibvansyon: Ane Fiskal 2022 (FY2022): Digital Literacy Now Grant Pati 2, Kòd Finansman: 147

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: Ane Fiskal 2022 (FY22): 01/01/2022 – 30/06/2022; Ane Fiskal 2023 (FY23): 01/07/2022 – 31/12/2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Paula Moore, Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) (Center for Instructional Support Office/STEM)

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781-338-3529

Imel moun k ap ede a: paula.b.moore@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): OIIT / Ekip Aprantisaj Nimerik

Jesyone Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Montan Anyèl Pri a \$18,812 Ane Fiskal 2022 (FY22) ak \$77,825 Ane Fiskal 2023 (FY23)

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) ki desèvi: (35,000) - klas 3yèm-12yèm ane

Objektif nou se atenn 25% nan elèv sa yo = 8,700 elèv

Sit: TBD

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon:

Objektif sibvansyon eta sa a se etabli ak ankouraje edikasyon rigoure, atiran, epi ki konfòm ak nòm yo nan domèn edikasyon nimerik ak enfòmatrik nan lekòl piblik boston yo nan klas matènèl jiska klas 12yèm ane. Sibvansyon sa pral konsantre l pou l ogmante aksè nan Edikasyon Nimerik ak Syans Enfòmatrik (DLCS) nan lòt klas ak/oswa lekòl yo nan distri a soti klas 3yèm ane rive klas 12yèm ane. Yon pati nan sibvansyon yo bay pou Ane Fiskal 2022 (FY22) a pral kouvri planifikasyon pou klas 9yèm rive klas 12yèm ane ak pou devlopman pwofesyonèl inisyalye jiska mwa Jen 2022 a. Yon pati nan sibvansyon yo bay pou Ane Fiskal 2023 (FY23) a pral kouvri devlopman pwofesyonèl pandan ete ak pandan otòn ansanm ak materyèl pou pwofesè yo kapab aprann e aplike pwogram DLCS yo pou klas 3yèm ane rive 5yèm ane, klas 6yèm ane rive 8yèm ane, ak pou klas 9yèm ane rive 12yèm ane. Pwofesè ki nan klas 3yèm ane rive klas 5yèm ane yo pral antre nan yon nouvo kòwòt pandan y ap itilize pwogram etid yo te chwazi ane pase a; pwofesè ki nan klas 6yèm ane rive klas 8yèm ane yo pral antre nan yon nouvo kòwòt pandan y ap itilize menm pwogram etid yo te chwazi pandan yo t ap aplike Pati 1 nan sibvansyon sa a, avèk modifikasyon. Pwofesè ki nan klas 9yèm ane rive klas 12yèm ane yo pral antre nan yon nouvo kòwòt pandan y ap itilize pwogram etid yo te chwazi yo pandan faz planifikasyon sibvansyon sa a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Ane Fiskal 2022 (FY22):

- \$9,000 pou alokasyon pou pwofesè
- \$9,000 pou devlopman pwofesyonèl
- \$812 pou frè depasman
- Total: 18 812\$

Ane Fiskal 2023 (FY23):

- 34,000 \$ pou alokasyon pou pwofesè
- 30,000 \$ pou devlopman pwofesyonèl
- 3 825 \$ pou frè depasman
- \$10,000 pou teknoloji ansèyman
- Total: 77 825\$

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif #1: 15 pwofesè pral patisipe nan Kòwòt 1 an pou Klas 9yèm ane rive Klas 12yèm ane. Tout pwofesè yo pral benefisye Devlopman Pwofesyonèl pandan sezon ete a ansanm ak sipò BPSTechnology bay pandan tout ane akademik la. Pwofesè yo pral resevwa tou materyèl pou salklas ki obligatwa pou yo aplike ansèyman an jan pwogram etid ki defini an detèmine sa a.

Endikatè: Patisipasyon kòwòt la nan reyinyon ak seyans PD ki obligatwa yo ak nan aplikasyon pwogram yo chwazi a nan salklas la.

Objektif #2: 15 pwofesè pral patisipe nan kòwòt Klas 6yèm ane rive Klas 8yèm ak/oswa kòwòt Klas 3yèm ane rive Klas 5yèm yo. Tout pwofesè yo pral benefisye Devlopman Pwofesyonèl pandan sezon ete a ansanm ak sipò BPSTechnology bay pandan tout ane akademik la. Pwofesè yo pral resevwa tou materyèl pou salklas ki obligatwa pou yo aplike ansèyman an jan pwogram etid ki defini an detèmine sa a.

Endikatè: Patisipasyon kòwòt la nan reyinyon ak seyans PD ki obligatwa yo ak nan aplikasyon pwogram yo chwazi a nan salklas la.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman [Angajman Vizyon Estratejik 20/25](#) ak Priorite Distri a(yo). Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

2.3 Founi yon pwogram etid ak ansèyman rigoure ki garanti ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik ki gen ladan opòtinite aprantisaj nan domèn atizinal, syans, alfabetizasyon, lang mondyal, edikasyon fizik, edikasyon sou sante, ak edikasyon sivik, aksè nan pwogram espòtif ak teknoloji, epi entegre byennèt elèv yo konplètman nan eksperyans edikatif la.

2.5 Aplike divès atant ak pwogram etid eleman tè ki rigoure e konsistan pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ki gen ladan yo pwogram nan domèn syans ak matematik.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22643

Non Sibvansyon: Kaleidoscope Cohort 2 Acceleration Academies

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon:

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: samedi 1 janvyè 2022- jeudi 30 juin 2022

Sous Finansman: Eta (DESE)

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Komal Bhasin

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street Malden MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: (617) 306-9001

Imel moun k ap ede a: komal.bhasin@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Lekòl Rejyon 1 yo (Charlestown, East Boston, ak North End)

Jesyonè Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Doktè Tommy Welch, Sipè-entandan Lekòl Rejyon 1 an

Montan Anyèl Pri a 750 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 2000 Elèv nan rejyon 1 an, 320 manm anplwaye (ki gen ladan: pwofesè, administratè/kowòdonatè sit yo, ansanm ak anplwaye sipò)

Sit: Lekòl Rejyon 1 yo

Lekòl k Ap Patisipe an Fevriye (14): Adams Elementary, Bradley Elementary, East Boston Early Education Center, Charlestown High School, East Boston High School, Eliot K-8 Innovation School, Guild Elementary, Harvard/Kent Elementary, Patrick J. Kennedy Elementary, McKay K-8, O'Donnell Elementary, Otis Elementary, Umana Academy, Warren/Prescott K-8

Lekòl k Ap Patisipe ann Avril (15): Adams Elementary, Alighieri Montessori School, Bradley Elementary, East Boston Early Education Center, Charlestown High School, East Boston High School, Eliot K-8 Innovation School, Guild Elementary, Harvard/Kent Elementary, Patrick J. Kennedy Elementary, McKay K-8, O'Donnell Elementary, Otis Elementary, Umana Academy, Warren/Prescott K-8

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: DESE Kaleidoscope Collective for Learning

Deskripsyon Sibvansyon:

Pwogram Acceleration Academy

Acceleration Academies yo se divès opòtinite aprantisaj yo bay pandan yon semèn pandan yon peryòd vakans tipik pou yon elèv tankou vakans nan mwa Fevriye ak/oswa Avril. Pandan peryòd sa a, elèv yo resevwa 20 èdtan ansèyman kontni oswa plis nan men yon pwofesè ki trè trè kalifye nan yon ti anviwònman salklas. Edikatè yo sible konpetans/nòm espesifik ki baze sou done yo pou yo

kapab bay elèv yo yon bourad pandan y ap kontinye rè s ane lekòl la. Elèv ki nan yon Academy resevwa ekivalan anviwon yon mwa aprantisaj anplis nan yon semèn. Lekòl Rejyon 1 yo pral patisipe nan Acceleration Academies Fevriye ak Avril yo pandan ane sa a (2022).

Direktiv Pwogram nan:

- Acceleration Academies yo fèt pandan semèn vakans lekòl mwa Fevriye ak Avril la. Ansèyman an fèt an pèsòn.
- Chak jou ap gen pou minimòm omwen 5 èdtan ansèyman nan menm domèn sijè a kote chak grenn ap gen an total 20 èdtan ansyèman oswa plis.
- Selon priyorite distri a deklare yo, Acceleration Academies pou semèn vakans mwa Fevriye a pral konsantre sou ELA epi pou semèn vakans mwa Avril la y ap konsantre sou Matematik/Syans.
- Pwofesè kontni yo pral anseye menm gwoup ki gen 10 a 12 elèv la pandan tout semèn nan epi y ap resevwa yon peryòd planifikasyon pou chak jou pandan elèv yo ap prezan nan yon kou espesyal/ochwa.
- Y ap atribye sèlman yon grenn domèn etid pou elèv yo pandan yon semèn Acceleration Academy. Pa egzanp, si yon distri/rejyon deside konsantre l sou domèn matematik ak ELA pandan yon Acceleration Academy pou mwa Avril, yo kapab atribye sèlman yon grenn nan domèn etid sa yo pou elèv la pandan semèn sa a.
- Se yon seri edikatè ki trè trè efikas yo anboche atravè yon pwosesis aplikasyon selektif ki pral anseye kou yo.
- Pwofesè kontni yo responsab planifikasyon leson ak analiz done yo an kolaborasyon avèk Kowòdonatè a ak Animantè Sit la. Nou ankouraje edikatè yo itilize HQIM nan kòm pwen depa pou pwosesis planifikasyon leson an.
- Edikatè yo selekyone pou patisipe nan Acceleration Academies yo pral swiv 5 èdtan devlopman pwofesyonèl avan semèn Academy an (yo).

Lekòl yo dwe reponn ak egzijans ki mansyone anwo yo tout pandan ane 2021-2022 a pou kapab kontinye gen estati aktif nan opòtinite sibvansyon sa a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye :

Apre 91% nan sibvansyon pral sèvi pou finanse alokasyon pou kowòdonatè sit, pwofesè, parapwofesyonèl, ansanm ak lòt anplwaye sipò yo pou Acceleration Academies Rejyon 1 an.

Apre 9% nan sibvansyon an pral sèvi pou finanse materyèl/founiti pou Acceleration Academies Rejyon 1 an.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif #1: Direktè Lekòl yo ansanm ak kowòdonatè sit yo pral eksplwate rezilta evalyasyon fòmatif MAP Growth fè nan mitan ane a pou planifye leson ak pou yo reponn ak bezwen espesifik elèv k ap patisipe yo (pandan y ap sitou konsantre sou Aprenan Anglè yo, Elèv ki Gen Andikap yo, ansanm ak ELSWD). Disi Jen 2022, elèv Acceleration Academy Rejyon 1 k ap patisipe yo pral montre kwasans akademik ki 20% siperyè pa rapò ak elèv ki p ap patisipe nan opòtinite sa a, jan rezilta MAP Growth pou fen ane a mezire sa a.

Endikatè: Analiz done rezilta evalyasyon MAP ki fèt nan mitan ane ak nan fè ane nan chak sit lekòl la ak toupatou nan rejyon an.

Objektif #2: Disi 28 Fevriye 2022 ak 30 Avril 2022, 100% nan elèv Acceleration Academy Rejyon 1 k ap patisipe yo pral montre kwasans/amelyorasyon nan plan entèvansyon pou elèv Panorama yo. Kowòdonatè sit yo ansanm ak pwofesè yo pral kòmanse plan entèvansyon pou elèv yo nan Panorama nan mwa Janvyè ak mwa Mas sa ki pral koresponn ak estrateji entèvansyon Acceleration Academy pou mwa Fevriye ak mwa Avril la. Tout elèv k ap patisipe yo pral gen plan entèvansyon aktif ki louvri yo jiska fen chak Acceleration Academy, epi pwofesè yo pral konwole pwogrè a pandan tan sa a epi y ap dokimante pwogrè nan fen Academy an.

Endikatè: Chak grenn nan elèv k ap patisipe yo pral gen plan entèvansyon aktif nan Panorama pou chak Acceleration Academy. Pwofesè yo pral kontwole pwogrè defason aktif, y ap fèmen plan yo ak/oswa y ap relouvri yo si yo pa rive fè pwogrè ki apwopriye a atravè estrateji entèvansyon an.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22655

Non Sibvansyon: Sibvansyon Opòtinite pou Konplete FAFSA

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Septanm 2021 - 30 Jen 2022

Sous Finansman: Federal atravè Eta a

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Kontakte Nyal Fuentes

Adrès: Office of College & Career Readiness, 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn (781) 338-3593

Imèl: nyal.f.fuentes@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Lekòl Segondè

Jesyonè Pwogram BPS la: Catherine Chiu, Direktè Padagojik

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Lindsa McIntyre & Elia Bruggeman, Sipè-entandan Lekòl Segondè a

Montan Anyèl Pri a 45 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 45 000\$

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonel biwo santral) ki desèvi: 841

Sit: Boston Latin Academy, Brighton High School, East Boston High School, Madison Park High School, O'Bryant Math Science High School, TechBoston Academy

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: MassEdco

Deskripsyon Sibvansyon

Sibvansyon federal sa a bay elèv ak fanmi yo sipò dirèk pou yo ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv (Free Applications for Federal Student Aid, FAFSA) yo nan lekòl segondè ki gen kantite elèv ki ekonomikman defavorize ki elve. Akòz pandemi COVID-19 la, distri yo gen gwo diminyon ki fèt nan pousantaj elèv k ap aplike pou FAFSA ak inivèsite. Objektif jeneral sibvansyon an se ogmante kantite elèv ki ranpli FAFSA yo epi ki frekante inivèsite yo gras ak itilizasyon done yo pou idantifye ak sipòte fanmi yo nan pwosesis aplikasyon èd finansye nan senkant (50) lekòl yo idantifye nan Massachusetts yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~34% nan sibvansyon an ap alouwe bay sis (6) lekòl yo idantifye yo pou fasilite seyans aksyon kowòdone apre lekòl ki fèt chak semèn yo pou yo revize done yo avèk kolaboratè yo ak pou kreye sistèm pou livrezon sèvis pou elèv sib yo.

~41% nan sibvansyon an pral sèvi pou kolabore avèk ajans patnè a pou apwofondi sèvis konsiltasyon ak sipò aplikasyon FAFSA ki baze sou lang yo pou elèv ak fanmi yo pandan lè sware ak lè wikenn.

~19% nan sibvansyon an pral sèvi pou kreye ak jere estrateji komunikasyon ant kanmarad, devlope kontni ki fèt pou elèv, ak ogmante opòtinite rezo sosyal yo pami aksyonè yo tankou PD pou 70 konseye angaje yo nan rezo sosyal kòm estrateji sansibilizasyon

~6% pral alouwe nan piblisite chak semèn yo bay sou radyo ak nan nouvèl kominotè yo sou enpòtans FAFSA, lis kontwòl la, ak sou resous ki disponib toupatou nan vil la.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif #1: Disi 1ye Me 2022, to akonplisman BPS FAFSA pral ogmante de 41% a 47% pou tout elèv ki nan klas tèminal (seniors) yo, apres a l ap ogmante a 60% disi 30 Jen. Sou-gwoup yo idantifye nan sis (6) lekòl sib yo pral ogmante to akonplisman FAFSA atravè ogmantasyon aksè nan seyans endividyèl pou èd finansye bileng, sèvis ki kowòdone avèk kolaboratè yo, ansanm ak sipò yo vize pou aplikasyon FAFSA ki pèsonalize a gras ak itilizasyon done yo.

Endikatè: Rapò CR307 onivo lekòl la (Rezime Rapò Akonplisman FAFSA) ki soti nan Edwin Analytics DESE a.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59))

1) Elimine lakin nan opòtinite ak akonplisman - rezilta ki ekitab e ekselan pou elèv yo Objektif Ankraj #1- Elèv BPS yo pral prè pou yo reyisi nan inivèsite, karyè ak nan lavi.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22670

Non Sibvansyon: MyCAP Development and Implementation - FC434

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Eta

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2021 - 31/08/2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Lisa Harney
Adrès: Office of College, Career and Technical Education,
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn (781) 338-3903
Imèl: lisa.m.harney2@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Lekòl Segondè

Jesyonè Pwogram BPS la: Marsha Inniss- Mitchell, Direktè Patenarya ak Inisyativ Apre Etid Segondè

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Lindsa McIntyre & Elia Bruggeman, Sipè-entandan Lekòl Segondè a

Montan Anyèl Pri a \$53,400

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$53,400

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 841

Sit:
ACC: 2 500\$
Boston Latin School: 9 600\$
Burke High School: 2 500\$
Charlestown High School: 7 300\$
East Boston High School: 9 600\$
Edward M. Kennedy Health Careers Academy: 4 800\$
English High School: 2 500\$
Fenway High School: 4 800\$
Madison Park: 2 500\$
New Mission High School: 7 300\$

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon

Objektif opòtinite sibvansyon sa yo sible a se founi sipò siplemantè bay distri lekòl ki aktyèlman angaje yo, oswa ki enterese, pou yo aplike Plan Karyè ak Akademik Mwen (MyCAP) an. MyCAP se yon pwosesis ki baze sou elèv ki fèt pou asire tout elèv yo gradye nan lekòl segondè epi pou yo prè pou karyè. Pwosesis MyCAP la egzije lekòl yo kreye yon dimansyon ak sekans pou yo aplike MyCAP. Sibvansyon sa pral founi manm ekip planfikasyon yo sipò siplemantè ki nesèsè pou yo patisipe nan devlopman pwofesyonèl ak nan reyinyon ekip ki fèt nan lè ki pa gen lekòl yo.

Priyorite:

Sibvansyon sa vize bay ekip lidèchip lekòl segondè k ap travay pou aplike MyCAP nan tout lekòl yo finansman pou yo kapab: (a) reyini avèk ekip la nan lè ki pa gen lekòl yo pou yo kapab kreye yon dimansyon ak sekans ki dire kat lane; (b) konsevwa plan aplikasyon an pou deplwaman MyCAP; epi (c) idantifye youn oswa plizyè mezi pou evalye reyisit elèv la

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

100% nan sibvansyon an sèvi pou peye alokasyon pou anplwaye ak pwofesè yo

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif #1: 50% nan elèv ki nan klas 9yèm ane rive klas 12yèm ane yo fini aktivite My Career and Academic Plan (MyCAP) yo asiye pou yo a disi Jen 2022.

Endikatè: Rapò CR307 onivo lekòl la (Rezime Rapò Akonplisman FAFSA) ki soti nan Edwin Analytics DESE a.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

1) APRANTISAJ AKSELERE Lekòl kalite siperyè ak salklas amizan nan tout distri a

2.1 Refòm lekòl segondè yo, ak lekòl altènatif yo (alternative school), konfòmman ak Massore, preparasyon pou karyè pwofesyonèl, ak opòtinite pou lòt kou pou prepare elèv yo pou inivèsitem karyè pwofesyonèl ak lavi.

2) AKTIVE PATENARYA Ogmante aprantisaj la odela salklas la epi konekte kominote a ak salklas la

6.3 Kowòdone òganizasyon patnè yo avèk pèsònèl lekòl la pou anrichi aprantisaj ak sèvis pandan jounen la ki gen ladan sipò pou elèv, preparasyon ak konsiltasyon pou inivèsite, doub enskripsyon, ansanm ak chimen pou preparasyon prekòs pou inivèsite.

6.4 Ankouraje sansibilizasyon sou inivèsite ak karyè ansanm ak eksperyans travay nan kireye pakou ki vizib pou opòtinite nan edikasyon apre lekòl segondè, fòmasyon, komès ak opòtinite nan karyè.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22637B

Non Sibvansyon: Finansman ESSER II

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/06/2021- 31/08/2022

Sous Finansman: Eta/Federal/Prive/Lokal (Vil) sa dwe nan nivo ki wo

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Julia Foodman

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906

Telefòn moun k'ap ede a: (781) 338-3577

Imel moun k ap ede a: julia.b.foodman@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Divizyon Responsablite ak Finans

Jesyone Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Montan Anyèl Pri a 122 967 457\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) ki desèvi: Tout Distri a

Sit:

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: TBD

Deskripsyon Sibvansyon:

Finansman Soulajman ann Ijans pou Lekòl Primè ak Segondè (Elementary and Secondary Schools Emergency Relief, ESSER) prezante yon opòtinite inik pou sipòte elèv Boston yo pandan n ap Retounen, Retabli, ak Rekonsidere sistèm edikasyon nou an. Lekòl Piblik Boston (Boston Public Schools, BPS) yo te abòde travay l santrè l sou ekite epi li te te fè anpil vwa nan kominote a pase nan nivo l kapab pou n fòme investisman nou yo.

Pwojè plan sa a, yo pibliye 9 Jiyè 2021, dekri estrateji investisman BPS la pou finansman ESSER II yo, sa ki bay an total aprepre \$123 milyon. Y ap pibliye yon plan final pou ESSER II nan mwa Out la, apre peryòd kòmantè piblik la fini nan dat 30 Jiyè a. Y ap pataje lòt plan pandan y ap alouwe plis finansman nan mwa ak ane k ap fini yo.

Kad pou investisman nou an nan tout finansman federal pou soulajman an konsantrè l pou l asire nou kapab Retounen nan aprantisaj an pèsòn nan, Retabli aprantisaj ak byennèt nou te pèdi yo, ak Rekonsidere yon nouvo BPS pou tout elèv yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Investisman Lekòl yo - 50%

Inovasyon Lekòl Rejyonal - 10%

Envestisman estrateji nan tout distri a - 30%

Envestisman Patenarya kominotè - 10%

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif #1: Pou kontinye eksplwate ESSER kòm yon sistèm jesyon chanjman, pandan n ap aplike plizyè estrateji diferan nan distri a pou asire rezilta ki gen pi bon enpak pou elèv yo apre peryòd sibvansyon an fini

Endikatè:

- Plan travay estratejik yo pral founi ansanm ak plan pou Kalite Lekòl yo obligatwa pou tout envestisman ESSER yo. Eleman mezirab yo varye de yon pwopozisyon a yon lòt.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman [Angajman Vizyon Estratejik 20/25](#) ak Priyorite Distri a(yo). Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22637R

Non Sibvansyon: Finansman ESSER III

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/06/2022- 31/08/2023

Sous Finansman: Eta/Federal/Prive/Lokal (Vil) sa dwe nan nivo ki wo

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Julia Foodman

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906

Telefòn moun k'ap ede a: (781) 338-3577

Imel moun k ap ede a: julia.b.foodman@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Divizyon Responsablite ak Finans (Division of Accountability & Finance)

Jesyonè Pwogram BPS la: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Montan Anyèl Pri a 276 339 451 \$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: Tout Distri a

Sit:

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: TBD

Deskripsyon Sibvansyon:

Lekòl Piblik Boston (BPS) jodi a, te soumèt yon aplikasyon sibvansyon bay Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a pou yo resevwa \$276 milyon nan fon federal pou soulajman yo. Jiskaprezan, BPS konsankre prèkse \$160m milyon nan fon Soulajman ann Ijans pou Lekòl Primè ak Segondè (Elementary and Secondary Schools Emergency Relief, ESSER), lajan ki vèse dirèkteman nan lekòl yo epi ki te finanse mezi sou sante ak sekirite ki esansyèl yo, mizajou nan etablisman yo, ak pwogramasyon ak anplwaye pou konsantre sou byennèt sosyal ak emosyonèl elèv yo pandan yo retounen nan aprantisaj an pèsòn atan plen.

Sibvansyon yo te bay jodi a pou ESSER III a, twazyèm faz envestisman estratejik distri a nan finansman federal ki vèse nan lekòl yo. BPS pataje mizajoun regilye yo avèk Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts (Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education, DESE) konfòmman ak direktiv federal ak direktiv eta a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Envestisman Lekòl yo - 50%

Inovasyon Lekòl Rejyonal - 10%

Envestisman estrateji nan tout distri a - 30%

Investisman Patenarya kominotè - 10%

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Pou kontinye eksplwate ESSER kòm yon sistèm jesyon chanjman, pandan n ap aplike plizyè estrateji diferan nan distri a pou asire rezilta ki gen pi bon enpak pou elèv yo apre peryòd sibvansyon an fini

Endikatè:

- Plan travay estratejik yo pral founi ansanm ak plan pou Kalite Lekòl yo obligatwa pou tout investisman ESSER yo. Eleman mezirab yo varye de yon pwopozisyon a yon lòt.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman [Angajman Vizyon Estratejik 20/25](#) ak Priyorite Distri a(yo). Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)